# АДЫГЭ ШІЭНЫГЪЭЛЭЖЬХЭР



Бзэр лъэпкъым идах, ыпс, идунай. ЦӀыфыр ыбзэкӀэ матхэ, мэгущыӀэ. Бзэр цӀыфым Ӏумылъыгъэмэ лъэпкъыри щыӀэщтыгъэп, хэхъоныгъэхэр ышӀынхи ылъэкӀыщтыгъэп. Тэ, еджапӀэм адыгабзэм изэгъэшӀэн нахь куоу дэлэжьагъэхэу, лъэпкъым зышъхьамысыжьэу фэлажьэхэрэм нэӀуасэ защыфэтэшӀы.

Ахэмэ ащыщмэ ягугъу къэтшӀымэ тшӀоигъу:

# БЭРСЭЙ УМАР

Гъэсэныгъэмрэ шlэныгъэмрэ япчъэ адыгэмэ апэрэу къафызэlузыхэгъэмэ ар апэ ит. Бэрсэй Умарэ исэнэхьаткlэ дзэкlолlыщтыгъ. Ежьым бзабэ зэригъэшlагъэу щытыгъ – адыгабзэр, урысыбзэр, французыбзэр, къэндзалыбзэр, тыркубзэр, арапыбзэр. 1849-1850-рэ илъэсхэм Ставрополь дэт гимназием егъэджэкlо шъхьаlэу Бэрсэй Умарэ агъакlо адыгэу чlэсхэр яныдэлъфыбзэкlэ щыригъэджэнхэу. Адыгэмэ апае букварь зэхегъэуцо ыкlи 1853-рэ илъэсым гъэтхэпэ мазэм и 14-м Тифлис къыщыхауты. Ары а мафэр адыгабзэм и Мэфэкlэу зыкlыхэдгъэунэфыкlырэр.

# ІЭШЪХЬЭМАФЭ ДАУТ




Адыгабзэм изэгъэшlэн lэшъхьэмафэ Даут lоф дишlагъ. Мэхьанэ зиlэ

lофыгъошхохэр зэшlуихыгъэх: адыгабзэм идиалектхэм язэгъэшlэн егъэжьапlэ фишlыгъ, апэрэ научнэ грамматикэу адыгабзэм фэгъэхьыгъэр, профессэрэу Н.Ф.Яковлевыр игъусэу зэхигъэуцуагъ, адыгэ алфавитыр урыс графикэм тетэу ыгъэпсыгъ, апэрэ классым щегъэжьагъэу яблэнэрэ классым нэсэу адыгабзэкlэ зэреджэщтхэ тхылъхэр зэхигъэуцуагъэх.

# КӀЭРЭЩЭ ЗЭЙНАБ



Апэрэ адыгэ бзылъфыгъэу фолологие шӀэныгъэхэмкӀэ кандидатыцӀэр етӀанэ докторыцӀэр къыгъэшъыпкъэжьыгъэх, профессор хъугъэ. Монографиехэр, гущыӀалъэхэр, гурыт еджапӀэхэм адыгабзэм зэращеджэщтхэ тхылъхэр ытхыгъэх. Анахь шӀушӀэгъэшхоу фэплъытэщтыр «Адыгабзэм изэхэф гущыӀалъэ ХьатӀэнэ Абдул игъусэу къызэрэдигъэкӀыгъэр ары.

ЯтӀонэрэ ӀофшӀагъэу адыгэ бзэшӀэныгъэм къыхигъэнагъэр адыгабзэм инаучнэ грамматикэу 1966-рэ илъэсым грузин шӀэныгъэлэжьэу Г.В. Рогавэ игъусэу къыдагъэкӀыгъэр ары. КӀэрэщэ Зэйнаб зышъхьамысыжьэу илъэпкъ фэлэжьагъ.






# КIЭРЭЩЭ ЗЭЙНАБ






# ТХЬАРКЪОХЪО ЮНЫС

Филологие шlэныгъэмкlэ докторэу, профессорэу, Адыгэ Республикэм наукэмкlэ изаслуженнэ lофышlэшхоу Тхьаркъохъо Юныс бэшlагъэу адыгабзэм дэлажьэ. Анахьэу Юныс зыдэлажьэрэр стилистикэм жабзэм икультурэ япхыгъэ lофыгъохэр ары. Ахэмкlэ lофшlэгъи 130-м ехъу ытхыгъ. Гущыlэлъабэ къыдигъэкlыгъ: «Адыгабзэм ифразеологизмэ гущыlалъ, Адыгабзэм исинонимхэм ягущыlалъ», «Адыгэ-урыс гущыlалъ» ыкlи нэмыкlхэр Тхьаркъохъо Юныс адыгэ литературэбзэм, бзэм икультурэ ынаlэ атет, джыри иlофшlагъэхэм ахиъэхъощт.

# ТХЬАРКЪОХЪО ЮНЫС











# БЛЭГЪОЖЪ ЗУЛКЪАРИН



Бзэм Iоф зыдишIэрэр илъэс 50-м ехъугъ. Джыдэдэм Зулкъаринэ Адыгэ къэралыгъо университетым щэлажьэ, доктор, профессор, бзитIушIэныгъэм Iофи дешIэ. Урысыбзэм, адыгабзэм яхьылIагъэу статья 250-м ехъу къыхиутыгъ, тхылъ шъхьафэу 30-м ехъу ытхыгъ. Блэгъожъ Зулкъаринэ Адыгэ дунае академием иакадемик, Урысыем педагогическэ ыкIи социальнэ наукэхэмкIэ иакадемие иакадемик. Зэкъошныгъэм иорден къыфагъэшъошагъ.